Aqılı kámil, ilimi zor,
Bilimli el bolmaydı qor!
Berdaq

# QARAQALPAQ UNIVERSITETI

№3 (563) Fevral, 2025-JIL WWW.KARSU.UZ

Gazeta 1976-jıldan baslap shıǵa basladı. Joqarı oqıw ornı gazetası

XALIQARALIQ BIRGE ISLESIW

## BILIMLENDIRIW HÁM INNOVACIYALAR TARAWÍNDA BIRGE ISLESIW

***Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi Baslıǵınıń orınbasarı B.Ótemuratov basshılıǵındaǵı delegaciya aǵzaları xızmet sapar menen Malayziya mámleketinde boldı. Delegaciya quramında Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministri B.Temirbaev, Sanlı texnologiyalar ministrligi Qaraqalpaqstan Respublikası aymaqlıq basqarması baslıǵı T.Baekeev, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti rektorı, akademik A.Reymov hám xalıqaralıq birge islesiw boyınsha prorektor T.Nurımbetovlar qatnastı.***



Sapardıń dáslepki kúni delegaciya aǵzaları Aziya - Tınısh okeanı texnologiyalar hám innovaciyalar universiteti (APU) jámááti menen ushırasıw ótkerdi.

Ushırasıw dawamında studentler almasıw baǵdarlamaların shólkemlestiriw, professor - oqıtıwshılardı stajirovkaǵa jiberiw, sonday-aq, IT tarawı boyınsha birgeliktegi ilimiy-ámeliy joybarlar ústinde islesiw máseleleri hár tárepleme dodalandı. Bul sapar zamanagóy texnologiyalar hám innovaciyalar tarawındaǵı aldıńǵı tájiriybelerdi úyreniw, maman kadrlar tayarlaw hám akademiyalıq baylanıslardı bekkemlew ushın áhmiyetli bolıp tabıladı.

Delegaciya aǵzaları tárepinen alǵa qoyılǵan baslamalardan biri studentler almasıw baǵdarlamaların keńeytiw boldı. Bul arqalı Qaraqalpaqstannıń qábiletli jasları APU universitetinde zamanagóy bilim alıw hám ilimiy tájiriybe arttırıw imkaniyatına iye boladı.

Sonıń menen birge, professor-oqıtıwshılar ushın tájiriybe almasıw hám mamanlıq arttırıw baǵdarlamaları da kórip shıǵıldı.

Bunda APU universitetinde qánigeligin arttırǵan pedagoglar zamanagóy bilimlendiriw metodikaların ózlestirip, óz bilim hám tájiriybelerin jergilikli joqarı bilimlendiriw sistemasına qollanıwı rejelestirilmekte. Sóylesiwler dawamında IT tarawı boyınsha birge islesiw ayrıqsha itibarǵa alındı. Malayziya universiteti hám Qaraqalpaqstan Respublikası joqarı oqıw orınları sanlı texnologiyalar, programmalıq támiynat jaratıw, xalıqaralıq IT konferenciyaları hám startap joybarlarında qatnasıw imkaniyatları haqqında sáwbetlesiwler alıp bardı.

***Kúnniń ekinshi yarımında delegaciya aǵzaları Malayziyanıń "Erzy" kompaniyasında bolıp, kompaniya tiykarın salıwshı hám bas direktorı Deni Temirov penen ushırastı. Ushırasıw dawamında keleshekte kompaniya menen birge islesiwdi jolǵa qoyıw boyınsha sóylesiwler alıp barıldı. Sóylesiwler waqtında ilimiy-texnologiyalıq innovaciyalar, sanaat óndirisi hám málimleme texnologiyaları tarawlarında tájiriybe almasıw máseleleri kórip shıǵıldı.***

"Erzy" kompaniyasınıń bas direktorı Deni Temirov Qaraqalpaqstan Respublikasınıń innovaciyalıq joybarların qollap - quwatlawǵa tayar ekenin bildirip, tárepler aldaǵı waqıtları birge islesiw ornatıw boyınsha kelisip aldı.

Sonday-aq, Erzy kompaniyası menen keleshekte birge islesiwdi keńeytiw, sonıń ishinde, Qaraqalpaqstan jaslarınıń usı kompaniyada stajirovka ótewine imkaniyat jaratıw, texnologiyalıq startaplardı qollap-quwatlaw hám birgeliktegi óndiris joybarların jolǵa qoyıw máseleleri dodalandı.

Delegaciya aǵzaları bul ushırasıw Qaraqalpaqstan Respublikasınıń ilim hám texnologiyalardıń rawajlanıwına úlken úles qosatuǵının atap ótip, keleshekte birge islesiwdi jáne de bekkemlewge isenim bildirdi.

Xızmet saparı dawamında Malayziya mámleketiniń bir qatar joqarı oqıw orınları menen birge islesiw memorandumları dúzildi.

Atap aytqanda, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám Aziya-Tınısh okeanı texnologiyaları hám innovaciyaları universiteti (APU) arasında hám Malayziyanıń Saravak universiteti arasında ilimiy birge islesiwdi jáne de rawajlandırıwǵa qaratılǵan memorandumǵa qol qoyıldı. Bul hújjet eki universitet arasında ilimiy - izertlewler, oqıtıw, bilimlendiriw hám akademiyalıq baylanıslardı bekkemlewge qaratılǵan bir qatar áhmiyetli qádemlerdi belgilep beredi. Bul memorandum eki joqarı oqıw orınları arasındaǵı akademiyalıq hám ilimiy birge islesiwdi jáne de rawajlandırıw, innovaciyalıq texnologiyalardı qollap - quwatlaw hám úzliksiz bilimlendiriw sistemasın bekkemlewge qaratılǵan.

***Birge islesiw sheńberinde eki tárep tómendegi baǵdarlar boyınsha kelisimge eristi:***



*- Ilimiy-izertlew jumısların birgelikte alıp barıw;*

*- Oqıtıw procesinde aldıńǵı tájiriybeler almasıwı;*

*- Studentler, oqıtıwshılar hám izertlewshiler almasıw baǵdarlamaların shólkemlestiriw;*

*- Studentler hám pitkeriwshiler ushın birgeliktegi izertlewler, stajirovkalar hám ámeliyat baǵdarlamaların islep shıǵıw;*

*- Ilimiy hám akademiyalıq baylanıslardı jolǵa qoyıw;*

*- Xalıqaralıq seminarlar, ilimiy konferenciyalardı birgelikte shólkemlestiriw.*

Bul memorandumǵa qol qoyılıwı Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám Aziya-Tınısh okeanı texnologiyaları hám innovaciyaları universitetiniń ilimiy potencialın arttırıw, oqıw processlerin zamanagóylestiriw hám xalıqaralıq kólemdegi akademiyalıq birge islesiwdi keńeytiwge xızmet etedi.

Sonday-aq, Saravak universiteti menen birgelikte, studentler hám pitkeriwshilerge birgeliktegi izertlewler alıp barıw, stajirovkalarda qatnasıw hám professional bilimlerin arttırıw imkaniyatları jaratıladı. Bunıń nátiyjesinde studentler tek ilimiy emes, al, ámeliy kónlikpelerge iye boladı. Memorandum tiykarında eki tárep arasındaǵı birge islesiwdi bekkemlew maqsetinde turaqlı túrde óz ara tájiriybe almasıw, ilimiy - izleniwlerdi rawajlandırıw hám zamanagóy texnologiyalardı bilimlendiriw sistemasına engiziw máselelerine ayrıqsha itibar qaratıladı. Bul kelisim eki joqarı oqıw ornı arasındaǵı doslıq baylanısların jáne de bekkemlew menen birge, global bilimlendiriw mákanında jańa innovaciyalıq ideyalar hám texnologiyalardı rawajlandırıwǵa xızmet etedi.

# MALAYZIYANÍŃ SULTAN IDRIS BILIMLENDIRIW UNIVERSITETI MENEN BIRGE ISLESIW




***Birge islesiw baǵdarındaǵı jumıslar dawam etpekte. Rektor, akademik A.Reymov xızmet saparı menen Malayziya mámleketinde Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám Malayziyanıń Sultan Idris bilimlendiriw universiteti arasında ilimiy birge islesiwdi jáne de bekkemlew maqsetinde memorandumǵa qol qoyıldı.***

Bul memorandum eki universitet arasındaǵı óz ara baylanıslardı rawajlandırıwǵa, ilimiy - izertlew hám bilimlendiriw tarawlarındaǵı aldıńǵı tájiriybelerdi úyreniw hám birgelikte jańa baslamalardı ámelge asırıwǵa qaratılǵan. Qol qoyılǵan hújjetke bola, studentler hám oqıtıwshılar almasıwı, birgeliktegi ilimiy-izertlew joybarları, xalıqaralıq seminarlar, konferenciyalarda birge islesiw bir qatar baslamalar ámelge asırıladı. Bul birge islesiw, eki universitet arasında oqıw hám ilimiy maǵlıwmatlar almasıwı, ilimiy izleniwler hám ádebiyatlar boyınsha tájiribye almasıw imkaniyatların beredi.

Sapar dawamında eki universitet arasında óz ara paydalı kelisimler hám ilimiy baylanıslar bekkemlenip, aldıńǵı bilimler almasıwı hám ilimiy potencialdı arttırıwǵa qaratılǵan rejeler ámelge asırılıwı kútilmekte.

# HAYAL - QÍZLAR — RAWAJLANÍW TÍMSALÍ

Házirgi kúnde hayal-qızlar jámiettiń rawajlanıwı ushın zárúrli faktor esaplanadı. Bilimli hayal-qızlar tek ǵana óz turmısın jaqsılaw menen birge, jámiyetti hám shańaraqtı rawajlandırıwdaǵı ornı ayrıqsha bolıp tabıladı. Bilim alıw múmkinshiligine iye bolǵan jámiyettiń salamatlıq, sociallıq - ekonomikalıq dárejesi joqarı boladı. Búgingi kúnde hayal - qızlardıń tálim alıw huqıqı barlıq orınlarda támiyinlengen. Sebebi, hár bir bilimli hayal jámiettiń rawajlanıwına úlken úles qosadı.

Jámiyetti qáliplestiriwde, onıń sociallıq hám siyasiy rawajlanıwında ózleriniń miynetkeshligi hám liderlik qábiletleri menen jámiyette jańa múmkinshilikler jaratadı. Kóplegen jetiskenlikke erisken hayal-qızlar, hár túrli tarawlarda, óz bilim hám kónlikpelerin jámiettiń párawanlıǵın asırıwǵa baǵdarlap baradı.

Miynet bazarında belsene qatnasıp, túrli kásiplerde biznesler jaratadı, ekonomikalıq turaqlılıqqa óz úlesin qosadı. Jámiyette sociallıq teńlikti támiyinlewge óz úlesin qosadı.

Óz idealları menen jámiyetti bayıtadı hám mádeniy turmıstıń barlıq tarawlarına jańa innovaciyalıq ideyalar payda bolıwına járdem beredi.

Hayal - qızlar ushın keń múmkinshilikler jaratıw, jámiyettiń rawajlanıwı ushın zárúr bolıp tabıladı.

**G.Kudeshova,**
**ulıwma biologiya hám fiziologiya kafedrası docenti.**

# ÚLGILI STUDENTTIŃ TIYKARǴÍ ÓZGESHELIGI

Úlgili student tek oqıw menen sheklenbesten, bilim alıwdan tısqarı, ruwxıy, sociallıq hám psixologiyalıq rawajlanıwǵa da umtıladı. Bunday studentler, oqıwda májbúriylik emes, al, qızıǵıwshılıq hám óz qálewine muwapıq iskerlik dep esaplaydı. Kárxana hám joqarı bilimlendiriw mákemesiniń úzliksizligin bekkemlew, óz tarawında aldıńǵı, básekige shıdamlı qánigeler tayarlaw zárúr ekenligin kórsetedi. Joqarı oqıw ornında oqıp atırǵan hár bir talaba ushın keń imkaniyatlar esigi ashılǵan bolip, olar tek ǵana ózleriniń akademiyalıq bilimlerin emes, al jetekshilik, sózge sheshenlik, átiraptaǵı teńlesleri menen álpayım múnásebette bolıw, jeke pazıyletlerin rawajlandırıwǵa umtıladı. Úlgili studenttiń tiykarǵı ózgesheliklerinen biri studentler keńeslerinde, jámiyetlik shólkemlerde yamasa sport klublarında pán dógereklerinde qatnasıwı esaplanadı. Belsendi student - jaslar ilimiy joybarlar, izertlew baǵdarlamaları hám tańlawlarda qatnasıp, olardıń kásiplik kónlikpelerin rawajlandırıw hám keleshektegi ózi arzıw etken kásipti iyelew ushın paydalı tájiriybe alıwına járdem beredi. Olar ózleri ushın maqset qoyıp, oǵan erisiwge háreket etedi, bul bolsa olardıń ǵárezsiz qararlar qabıl etiwine járdem beredi. Úlgili student bilimlendiriw sistemasında ózgerisler hám jańalıqlar islewge umtılıwshı, bilimge qızıǵıwshı shaxs. Bunday studentler kóbinese, hár qıylı ilajlar, klublar, shólkemler hám volontyorlıq joybarlarda qatnasıp, jetekshilerge aylanadı. Zamanagóy bilim beriwde oqıwshılardıń jumısı tek ǵana mashqalalardı sheshiwge yamasa imtixanlardı tapsırıwǵa baylanıslı bolmay, al, olardıń jeke hám sociallıq kónlikpelerin rawajlandırıwǵa baǵdarlanadı. Olar tek ǵana oqıw procesinde belsene qatnasıp qalmay, al, átirapındaǵılarǵa da unamlı tásirin kórsetedi. Álbette, óziniń qızıqqan páninde durıs oqıw usılların tańlaw, jańa temalarǵa qızıǵıwshılıq hám sabaqlardı túsiniw ushın qosımsha dereklerden paydalanıwǵa, umtıladı. Bunday studentler jámiyetlik jumıslarda da, nátiyjege erisiwge qaratılǵan mashqalalardı sheshiwge háreket etedi. Óz qabıletin jarıqqa shıǵarıp, oy sanasındaǵı idealların ashıq aytadı. Olar óz bilim hám tájiriybesin hár tárepleme jetik insan hám ilimiy xızmetkerler bolıp, bilimge degen qızıǵıwshılıǵı jámiyettiń rawajlanıwına járdem beredi.

**Paraxat Nurniyazov,**
**fizika fakulteti jaslar máseleleri boyınsha ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq isleri boyınsha dekan orınbasarı.**

Áliysher Nawayınıń tuwılǵanlıǵınıń 584 jıllıǵı

# ǴÁZZEL MÚLKINIŃ SULTANÍ

***Málimleme - resurs orayında "Kitapqumarlar" klubı hám MRO xızmetkerleri menen birgelikte "Mir Áliysher Nawayı - ǵázzel mulkiniń sultanı" atamasında ádebiy ilaj ótkerildi. Ilajdı MRO direktorı Rawshan Kalmurzaeva ashıp berdi.***



Onda Áliysher Nawayınıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında maǵlıwmatlar berilip, "Kitapqumarlar" klubı aǵzaları tárepinen shayırdıń ǵázzelleri hám rubayları, sondayaq, MRO xızmetkerleri tárepinen tayarlanǵan ayaq oyın hám qosıqlar ilaj qatnasıwshıları názerine usınıldı.

"Áliysher Nawayınıń tuwılǵanınıń 584 jıllıǵı" múnásibeti menen ótkerilgen ilajda shayır dóretiwshiligin úyreniw, keńnen qollanıw da názerde tutılǵan bolıp, sóz sultanınıń miyrasınan shet tiline awdarılǵan úzindiler de oqıp esittirildi.

Ullı babamız shıǵarmalarınıń tek ǵana ádebiyatta emes, al, jámiyetlik hám tálim-tárbiyada tutqan ornı da ayrıqsha atap ótildi.

# "EŃ JAQSÍ SHÍǴARMA" JEŃIMPAZÍ

2024-2025-oqıw jılında student - jaslar arasında ruwxıylıq-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq isler nátiyjeligin asırıw, student-jaslardıń bos waqıtların mazmunlı shólkemlestiriw, olar arasında kitap oqıwdı úgitnásiyatlaw hám jadid babalarımızdıń esteliklerin máńgilestiriw, olardıń ibratlı ómir jolların hám dóretpelerin student - jaslarǵa jańasha úyretiw maqsetinde universitet student - jasları arasında "Jadidler mártligi milletimiz maqtanıshı" atamasında "Eń jaqsı shıǵarma" respublikalıq tańlawınıń universitet basqıshı bolıp ótti. Tańlaw nızamda kórsetilgen talaplarǵa tiykarlanǵan halda shólkemlestirildi. Tańlawdı ótkeriw hám ádil bahalaw boyınsha universitet professor - oqıtıwshılarınan quralǵan tóreshiler quramı dúzildi. Qatnasıwshılar tárepinen jazılǵan shıǵarma jumısları tóreshiler tárepinen tańlaw nızamında belgilep berilgen shártler tiykarında bahalandı hám jeńimpazlar anıqlandı.

Universitet basqıshında sıylı 1-orın jeńimpazı qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti 2-kurs studenti Jahangir Saparbaevtıń hújjetleri respublika basqıshına usınıs etildi.

**Guljaxan Ajibekova,**
**Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti Jaslar menen islesiw ruwxıylıq-aǵartıwshılıq bólimi metodisti.**

# «MÁRIPAT TARATÍP» JOYBARÍ SHEŃBERINDE

Tariyx fakulteti dekanı S.Sulaymanov baslaması menen arxeologiya kafedrası docenti A.Alimbetov, R.Sherniyazovlar qatnasıwında Qaraózek Agroekonomika texnikumı hám Qaraózek mádeniyat úyinde «Máripat taratıp» joybarı ámelge asırıldı.

Ilajdıń tiykarǵı maqseti - rayon jaslarına mánawiyat, bilimlendiriw tarawındaǵı jańalıqlardı tanıstırıw, oqıwshılarǵa joqarı bilimlendiriw mákemesi hám onıń imkaniyatları haqqında tolıq maǵlıwmat beriw, sonday-aq, ilimge degen qızıǵıwshılıqtı arttırıw, oqıwshılardıń keleshektegi ilimiy hám sociallıq maqsetine erisiw ushın zárúr jol-jobalardı kórsetiwden ibarat. Ilaj dawamında jaslarǵa kitaplar sawǵa etildi.

**Q.Najimov,**
**tariyx fakulteti jaslar máseleleri boyınsha ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq isleri boyınsha dekan orınbasarı.**

*K.Mámbetovtıń tuwılǵanlıǵınıń 85 jıllıǵı*

# KAMAL MÁMBETOVTÍŃ DÓRETIWSHILIGIN ÚYRENIW



***XX ásirdiń 60-90-jıllardaǵı qaraqalpaq prozasın tematikalıq, janrlıq, formalıq hám kórkemlik jaqtan rawajlandırıwǵa úles qosqan belgili jazıwshılar T.Qayıpbergenov, Sh.Seytov, U.Pirjanov, K.Mámbetov, S.Bahadırova, K.Raxmanov, K.Smamutov, K.Karimov, M.Nızanov, O.Ábdiraxmanov, A.Ábdiev hám basqalardıń gúrriń, povest hám romanlarınıń tálim - tárbiyalıq táreplerin búgingi jaslarǵa úyretiw eń zárúrli máselelerden esaplanadı.***

***Belgili jazıwshı Kamal Mámbetov 1940-jılı Kegeyli rayonındaǵı M.Jumanazarov atındaǵı awılda tuwılǵan. Ol orta mektepti tabıslı pitkerip, Tashkent mámleketlik universitetine oqıwǵa kiredi. Bul oqıw ornın 1963-jılı tamamlap, «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında (1963-1964), Tashkenttegi Nizamiy atındaǵı pedagogikalıq institutınıń aspirantı (1965-1968), Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutta oqıtıwshı (1968-1972), «Ózbekkinoxronika» studiyasınıń direktorı (1972-1974), Qaraqalpaqstan televideniesi hám radio esittiriw komiteti baslıǵınıń orınbasarı (1974-1976), Nókis mámleketlik universitetiniń docenti (1976-1981), kafedra baslıǵı (1984-1985), fakultet dekanı (1985-1986), usı universitet rektorı (1986-88), kafedra baslıǵı (1988-2000) sıyaqlı lawazımlarda pidayılıǵı menen miynet etip, el-xalıq hám jámáát aldında úlken abırayǵa erisken.***

Kórnekli alım sıpatında ol 1969-jılı «Qaraqalpaq jazba poeziyasında shıǵıs klassiklerdiń dástúri» degen temada kandidatlıq dissertaciyasın, 1984-jılı «Qaraqalpaq ádebiyatınıń payda bolıw hám qaliplesiw derekleri» degen temada doktorlıq dissertaciyasın tabıslı qorǵap, ádebiyattanıw ilimine salmaqlı úles qostı.

Alım 30 dan aslam monografiya, sabaqlıq hám oqıw - metodikalıq qollanbaların, 300 den aslam teoriyalıq hám metodikalıq maqalaların xalqımızǵa miyras etip qaldırǵan. Ilimpazdıń «Áyyemgi qaraqalpaq ádebiyatı» (1976), «Folklor hám jazba ádebiyat» (1978), «Karakalpakskaya literatura v XIV-XVIII vv» (1981), «Nawayı hám qaraqalpaq ádebiyatı» (1991), «Erte dáwirdegi qaraqalpaq ádebiyatı» (1992), «Ózbek hám qaraqalpaq ádebiy baylanısları» (1992), «Shıǵıs ádebiyatı tariyxı» (1993), «Qaraqalpaqlar shejiresi» (1993), «Qaraqalpaqlar tariyxı» (1993), «Ájiniyaz» (1994), «Qoraqalpoqlar shajarasi» (1995), «Erte dáwirdiń ádebiy estelikleri» (1986), «Qaraqalpaq tolǵawları» (1995), «Qaraqalpaqlardıń etnografiyalıq tariyxı» (1996), «Ámir Temur hám Ámir Edige» (1996), «Quran táliymatları» (1996), «Ernazar Alakoz - narodnıy geroy Karakalpakstana» (1993), «Tradiciy Vostochnıx klassikov v karakalpakskom pismennom poeziy» (Avtoreferat kandidatckoy dissertaciy. Tashkent, 1968), «Istoki stanovlenie i formirovaniya karakalpakskoy literaturı» (Avtoreferat doktorskoy dissertaciy. Tashkent, 1984.) ilimiy miynetleri qaraqalpaq ádeiyattanıw ilimi tariyxında salmaqlı orındı iyeleydi. Usı bahalı ilimiy miynetler haqqında ilimpazlar M.Nurmuhammedov, S.Axmetov, A.Paxratdinov, Q.Maqsetov, Q.Kamalov, S.Bahadırova hám basqalar tárepinen alımnıń ilimiy dóretiwshiligine orınlı sın bahalar berilgen.

Oqıw orınlarına qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı páni boyınsha «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı» (sabaqlıq, 1983), «Ádebiyat teoriyası» (1995), «Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxınıń baǵdarlaması» (1982), «Qaraqalpaq ádebiyatı» (Orta mekteplerdiń 9-klasına arnalǵan. Nókis, 1992), «Qaraqalpaq ádebiyatı» (9-klass ushın, 1995), «Qaraqalpaq ádebiyatı» (Orta mekteplerdiń 10-klası ushın, Nókis, 1992), «Qaraqalpaq ádebiyatı» (Orta mekteplerdiń 10-klass ushın, Nókis, 1996), «Respublikamızdıń orta arnawlı oqıw orınlarınıń ádebiyatı páni baǵdarlaması», (K.Orazımbetov hám Z.Ótegenovlar menen birgelikte), Nókis 1994-j.), «Qaraqalpaq ádebiyatı» (2000-2005-jıllar aralıǵı. VII klass ushın sabaqlıq latın tilinde. Nókis. "Bilim" baspasınan shıqtı. (Jaqsımova menen birgelikte), «Qaraqalpaq ádebiyatı» «Qaraqalpaq ádebiyatı» (8-klass ushın. 2001-2003j. Nókis. «Bilim»), (Orta mekteplerdiń 10-klass ushın S.Axmetov, Q.Járimbetovlar menen birge, Nókis, 1996-j.) degen sabaqlıq hám pán baǵdarlamaları mámleketlik bilimlendiriw standartlarına muwapıq jazıldı. Bul metodikalıq miynetler belgili alımlar hám ádebiyatshılar tárepinen óz waqtında joqarı bahalandı.

K.Mámbetov házirgi ádebiy processke óziniń qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı, ádebiy sın, teoriyalıq máseleler boyınsha ilimiy maqalaları menen qatnasıp bardı. Onıń ádebiy baylanıslarǵa baylanıslı jazılǵan maqalaları óziniń qozǵaǵan máselesi boyınsha alımlardıń qızıǵıwshılıǵın tarttı. Máselen, «Nawayı hám qaraqalpaq klassikleri», «Rus alımları Qaraqalpaqstan haqqında», «Nawayı hám kún shıǵıs xalıqlar ádebiyatı», «Saadiydiń «Gúlistan»ı qaraqalpaq arasında», «Tuwısqan xalıqlar tolǵawları» degen maqalalarında ádebiy baylanıstıń tariyxıy áhmiyetin hám ádebiyatlar arasındaǵı baylanıslardı tereńirek izertlew zárúrliligin mısallar menen atap ótedi. Bulardan basqa ilimiy maqalalarında hár qıylı temaǵa baylanıslı ádebiy mashqalalar ashılıp, izertlew zárúr máselelerge dıqqat awdarǵan.

Ásirese, onıń «Ájiniyazdıń qol jazbaları», «Qaraqalpaq ádebiyatınıń ashılmay atırǵan betlerinen», «Prozadan izlengen soqpaq», «Tumaris haqqında ápsana», «Jáne de qaraqalpaq ádebiyatınıń tórkinleri haqqında», «Júrek penen sırlasıp», «Tariyx sırları», «Áyyemgi túrkiy tilles xalıqlardıń jazba estelikleri hám onıń qaraqalpaq ádebiyatın qáliplestiriwde tutqan ornı», «Qalila hám Dimna» qaraqalpaqlar arasında, «XVI-XVIII ásirdegi qaraqalpaq ádebiyatı», «Kúnxoja hám tuwısqan xalıqlar ádebiyatı», «Ájiniyaz shıǵarmalarında shıǵıs klassikleri dástúrleri», «Tuwısqan xalıqlar tolǵawları», «T.Qayıpbergenov haqqında sóz», «Shayırdıń ashılısıwı», «Belgili ilimpaz hám kritik», «Shayır oyı», «Ádebiyat hám ilim jolında», «Ádebiyat kritikası hám dáwir talabı» izertlew hám sın maqalaları menen sol dáwirdegi ádebiy processke tabıslı túrde úles qosqanı kórinip tur.

Jazıwshı sıpatında K.Mámbetov «Gójek», «Tırnalar», «Baxtıń bolsın Arıwxan!», «Shaqasında emes tamırında», «Awıl tańları», «Kókshiyel», «Imtixan», «Moskvadan kelgen qız», «Men onı súyer edim», «Muhabbat hám ájel», «Bozataw», «Posqan el», «Hújdan», «Túrkstan» qusaǵan poetikalıq dóretpeleri menen XX ásirdiń 60 - 90 - jıllardaǵı qaraqalpaq ádebiyatın tematikalıq, ideyalıq, janrlıq hám kórkemlik jaqtan bayıttı. Sóz zergeriniń hár bir kórkem dóretpesi sheberlik penen jazılǵanı kitap oqıwshıları tárepinen óz waqtında bahalanıp turdı.

Sonlıqtan, K.Mámbetovtıń ayırım prozalıq shıǵarmalarına dıqqat awdarǵandı maqul kórdik.

Jazıwshınıń "Imtixan" povestinde turmıslıq waqıyalar, jazıwshınıń sheberligi, ondaǵı satira-yumorlıq súwretlewler qızıqlı berilgen. Bul povestte zamanagóy ádep-ikramlıq sociallıq máselelerdi publicistikalıq stilde súwretlew satira-yumorlıq halatlar menen birigip, olar kórkemlilik penen berilgen. Bul belgiler dóretpedegi ádebiy tildi isletiw, til stilinen birden seziledi. Dóretpede filosofiyalıq oy-pikirler júritiw eń aldı menen gumanist insan Qasımǵa tiyisli. K.Mámbetovtıń "Merwert monshaqlar", "Baxtıń bolsın, Arıwxan!", "Men onı súyer edim" atlı povestlerinde bolsa, jaslıq muhabbattıń jalını, bul joldaǵı adasıwlar, ayralıq dártleri bayanlanadı. "Merwert monshaqlar" povestinde ózi kireyde bolıp atırǵan sawdager, suw juqpas hayal Turǵangúldiń Sápiwra atlı qızınıń sırtqı sulıwlıǵına ashıq bolıp, bir jaǵınan aldawshılıqta qolǵa túsken Jumabaydıń, "Baxtıń bolsın, Arıwxan!" povestinde dayı jurtınıń gózzal qızı Arıwxannan onıń qurdası Roza, Orınbay sebepli ayırılıp qalǵan Kárimniń, "Men onı súyer edim…" povestinde burın turmısqa shıǵıp, erinen jaslay ayırılıp qalǵan diktor kelinshekke ashıq bolǵan, biraq úylenip úlgermegen jurnalist jigittiń qarama qarsılıqqa tolı jaslıq ómirleri sóz boladı. Usı aytılǵan negizgi syujetlik baǵdarlardıń ózi-aq jazıwshıdan qaharman obrazın sáwlelendiriwde kórkem sheberlikti talap etedi. Bul dóretpelerdegi qaharmanlar obrazın usı nársege ákelip, kórkem súwretlewge iytermeleydi. Oǵan jol ashıp berip turǵan sheberlik, olardıń birinshi betten lirikalıq usılda bayanlanıwı, oy-sezimlerdiń, emociyalardıń, qayǵı hám quwanıshlardıń, kúyinish-súyinishlerdiń erkin ashıqtan-ashıq beriliwine múmkinshilik beredi. Barlıq nárseler, waqıya hám is-háreketler, tábiyat ta, portretlik sırtqı tulǵalıq belgiler de, adamlardıń óz ara sóylesiwleri de usı bas qaharmannıń - lirikalıq obrazdıń oy-sezimlerinen, ishki ruwxıy dúnyasınan ótkerip súwretlenedi.

Bul povestlerde haqıyqatlıq, hadallıq tárbiyasın ádiwlewshi oy-sezim hám ideyaları barlıǵınan joqarı turadı. Olardıń óz sırın oqıwshıǵa búkpelemey aytatuǵın bir jaǵınan daǵlı, ǵamlı, júrekleri dártke tolı, ekinshiden, hadalıy, ashıq oylı, ashıq sezimli lirik qaharmanları oraylıq hám baslı orınlarda turadı. Portretlik súwretlew hám minezlemeler K.Mámbetovtıń "Men onı súyer edim…", "Muhabbat hám ájel" atlı povestlerinde de orınlı ushırasıp, biraq olar bir-birin qaytalamaydı. Bir dóretpeniń ózindegi bir qaharmannıń portretlik belgileri de qaytalawdan awlaq bolıp, olar birbirin tolıqtırıp, jetilistirip qaharmanlardıń lirikopsixologiyalıq, romantikalıq ruwxın da tereń jetkeriwge xızmet etken. Sonıń ushın da olardı oqıw hámmege estetikalıq zawıq baǵıshlaydı. Sonlıqtan, alımlar psixologizm menen estetikanı da birge alıp qaraydı. Bul povestlerdiń qaysı birinde bolmasın barlıq nárseler lirik qaharmannıń kewil kúyinen ótkerilip, psixologiyalıq keshirmeler sıpatında beriledi. Sonıń ishinde qaharmanlardıń romantikalıq ruwxın da, psixologiyalıq halatların tereń ashıwda tábiyat kórinisleri, tábiyat qubılısların súwretlew úlken áhmiyetke iye bolǵan. Bul dóretpelerdiń geypara orınlarında bazı bir kórkem psixologiyalıq súwretlew usılları sheber isletilgen.

Jazıwshınıń «Moskvadan kelgen qız» povestiniń negizgi syujetinde ilimpaz orıs qızı Tatyana hám qaraqalpaq jigiti arbakesh Murat arasındaǵı muhabbat sezimleriniń oyanıp rawajlanıwı da isenimli hám tásirli sáwlelengen.

K.Mámbetovtıń kórkem dóretpeleri ǵárezsizlik dáwirdegi jaslardı adamgershilik, hadallıq, opalı dos bolıw, jaqsılıq, muhabbat jolında opadarlıq, tuwrı sózlilik, mártlik usaǵan sezimlerge tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye.

**I.Yusupov,**
**Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı mámleketlik muzeyiniń jetekshi qánigesi.**

# QÍLÍSHPAZLARÍMÍZ JÁHÁN KUBOGÍNDA ALTÍN MEDAL IYESINE AYLANDÍ



Gruziyanıń Tbilisi qalasında sporttıń qılıshpazlıq túriniń sablya jónelisi boyınsha qızlar arasında Jáhán kubogı bellesiwleri bolıp ótti.

Onda Ózbekstan saylandı komandası komandalıq esapta 1-orındı iyelep, altın medal iyesi bolıwǵa miyasar boldı. Komandalıq bellesiwlerde qızlarımız sherek finalda Germaniya, yarım finalda Italiya, finalda Vengriya saylandı komandaları qılıshpazların jeńip shıqtı.

Ózbekstan saylandı komandası quramında Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti dene mádeniyatı fakulteti studentleri Gúlistan Perdebaeva hám Ayakóz Jumamuratovalar jeńimpazlıqtı qolǵa kirgiziwde óziniń múnásip úlesin qostı.

## *Er jetkenim áne, sonda biliner*

*Túrli oylar, bóler meniń oyımdı,*
*Kózlerime bári sulıw kóriner.*
*Apam, kórsem deydi, meniń toyımdı,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner.*

*Maǵan ayttı: uzaq bolar balalıq,*
*Uwayımsız, oynap-külip júre ber.*
*Házir ayrılmaqta mennen balalıq,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner*

*Aldınları, oynar edik kóshede,*
*Top tewe berip, ústimiz de búliner.*
*Házir túste shıqqım kelmes kóshege,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner.*

*Balalıqta uwayım joq, qayǵı joq,*
*Barlıq nárse qızıq bolıp kóriner.*
*Endi bizge atıladı bárshe oq,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner.*

*Kesh túskende sharshap kelip jumıstan,*
*Ákem bizdi shıraǵım dep erkeler.*
*Búgin bolsa, uyalatuǵın bolıppan,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner.*

*Mekteptegi qızıqlardıń barlıǵı,*
*Kòz jumǵansha dem de ótip ketipti.*
*Balalıqtıń tawsılatuǵın waqıtı,*
*Jasımız da on segizge kelipti.*

*Burıńǵıday külki joqqoy júzimde,*
*Sózlerimniń ózgergeni seziler.*
*Túnde bolsa, uyqı joqqoy kózimde,*
*Er jetkenim áne, sonda biliner.*

**Anvar Zaripov,**
**geografiya hám tabiyiy resurslar fakulteti geodeziya hám geoinformatika tálim baǵdarı studenti.**

# BIR MINUT

**(ómirińizdi ózgertip jiberetuǵın bir formula)**

***Búgingi kúni kópshilik jaslar qanday da máselede yamasa qanday da is baslawda tuwrı qarar qabıl etiwde ekilenip turadı yamasa asıǵıslıq penen nadurıs qarar qabıl etedi. Nadurıs qabıl etilgen qarar siziń ómirińizdi pútkilley basqa tárepke burıp jiberiwi múmkin. Men bul maqalada bir insannıń basınan keshirgen kishkene waqıyası arqalı qarar qabıl etiwde ómirde aljaspawı ushın ómirińizdi ózgertip jiberetuǵın bir formulanı keltiriwdi maqset ettim. Waqıya bir insannıń ómirinen alınǵan.***

Evropa mámleketleriniń birinde xızmet saparında edim. Jasaw ornımnan shama menen 330km uzaqlıqtaǵı basqa bir qalaǵa barıwım kerek boldı. Avtobusqa bilet alıw ushın kassada náwbette turdım. Aldımda 60 jas shamasındaǵı bir hayal bar edi. Ol kassir hayal menen bir nárse haqqında uzaq waqıt sóylesti. Sońınan oǵan qarap: "Ótinish etemen, shetke ótiń, adamlar kútip qaldı," - dedi. Men olardıń gáplerine qulaq aspadım.

Hayal maǵan jol ashıw ushın bir shetke ótti. Men bilet alıwdan aldın kassirden ol hayaldıń mashqalası nede ekenligin soradım. Kassir xanım hayaldıń tek bir biletke jetetuǵın pulı bar ekenligin, biraq, avtobus bándirgisine kiriw ushın barı-joǵı 1 evro pulı joq ekenligin, hayal bolsa, avtobusqa bándirgiden tısqarıda minip almaqshı bolǵanın, bul bolsa qatań qadaǵan etilgenin ayttı.

Men: "Mine 1 evro, iltimas, sol hayalǵa bilet beriń, - dedim". Kassir sol hayaldı qaytadan shaqırdı, men kassadan biraz shetke shıqtım. Hayal bilet satıp aldı da, shetke ótip, kútip turdı. Maǵan minnetdarshılıq bildiriwdi qálegen bolsa kerek dep oyladım. Biraq, onnan ses te shıqpadı. Bilet alıwımdı kútip turdı da, stanciyaǵa qarap júre baslaǵanımdı kórip, maǵan buyrıqlı dawıs penen: "Bunı kóteriń", - dep chemodanın kórsetti.

Bir-birine júdá náziklik penen qatnasatuǵın adamlardan bunday qatnaslardı kútpegenim ushın bolsa kerek, onıń háreketi maǵan ersi sezildi. Men hesh nárse demesten chemodanın kóterdim hám birgelikte avtobus tárepke júrip kettik.

Kassadaǵı náwbette bul hayaldan keyin turǵanım ushın avtobustaǵı orınlarımız da bir jerden túsipti. Jol boyındaǵı sırtqı kórinisten zawıq alıw maqsetinde ayna tárepke otırmaqshı boldım. Dalada qar jawıp turǵan edi. Qar áste-aqırın qaplap baslaǵan, tıp - tınısh dawıs penen: "Endi dáwir meniki, biraq qáweterlenbeń, sizge tek jaqsılıqlardı alıp kelip atırman", dep sıbırlap atırǵanday edi. Biraq hayal ayna tárepke otırıwıma jol qoymay, ózi sol jerge otırıp aldı. Hayaldıń men tárepke tigilip turǵan názerin sezip tursam da, itibar bermewge háreket ettim. Ol uzaq waqıt hesh nárse demesten maǵan tigile berdi, al, men bunı bilmegenge salıp qoyıp, tuwrı qarap kete berdim. Biraq, kóz úzbey tigiliwi meni tınıshsızlandıra basladı hám aqır-aqıbetinde xanımǵa burılıp qaradım. Ol kúlimsirep:

- Siziń sabırıńızdı sınap kórgen edim, - dedi.

- Nege sabırımdı?

- Meniń ádepsizligime! Men tuwralı ne dep oylap atırǵanıńızdı jaqsı bilip turman.

- Siz tuwralı ne dep oylap atırǵanımdı biletuǵınlıǵıńızǵa isenimim jeterli emes, ásirese, bunı biliwińizdiń áhmiyeti de joq.

- Yaqshı. Bunı sizge keyinirek aytaman. Házir bolsa sizge qarızımdı qalay qaytaraman degen oy meniń qıyalımdı pútkilley bánt etip tur.

- Ápiwayı nárse, bul tuwralı oylap otırıwdıń da keregi joq, - dedim salqın dawıs penen.

- Mende bir nárse bar. Onı házir sataman hám qarızımdı beremen. Onı mennen satıp alasız ba yamasa basqalarǵa usınıs eteyin be?

- Onıń ne ekenligin bilmey satıp alıwımdı qáleysiz be?

- Bul bir hikmet, eger maǵan bir evro berseńiz, onı sizge aytıp beremen.

- Eger bul "hikmet" maǵan unamasa she? Pulımdı qaytarıp beresiz be?

- Hesh qashan! Siz bul sózdi esitkenińizden keyin, onı qalay qaytarıp alayın? Maǵan házir bir evro júdá kerek, sebebi qarızımdı qaytarıwım kerek.

Qaltamnan bir evro shıǵarıp, onıń alaqanına qoydım da, ájim túsken betine qaradım. Kózleri jas qızlardıń kózleri sıyaqlı kúlimlep turar edi, bul kózler arasındaǵı qır murın bolsa, túlkiniń hayyarlıq jaǵımpazlıǵınan xabar berip turar edi. Pul qolına túsiwi menen balalar sıyaqlı súysinip ketti.

- Men házir napaqadaman, - dep sóz basladı xanım.

- Jasap turǵan qalamızdan dostımdı aeroportqa shıǵarıp salıwǵa keldim. Úyge qaytıwǵa jeterli pul qaldırıp, qalǵanın jumsap jiberdim.

**(Dawamı kelesi sanda.)**

**Awdarma islegen: Adilbay Dawletmuratov, "Menedjment hám ekonomika tiykarları" kafedrası docenti.**

QARAQALPAQ UNIVERSITETI

REDAKTOR JARIMBETOVA JAMILA

ShÓLKEMLESTIRIWShI:
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám redakciyanıń miynet jámááti
Mákan jayımız:
Nókis qalası,
Ch.Abdirov kóshesi, 1-jay.

Avtordıń pikiri redakciyanıń pikiri esaplanbaydı.
Faktlerdiń haqıyqatlıǵına avtor juwapker.
Materiallar recenziyalanbaydı hám qaytarıp berilmeydi.

Basıp shıǵarıwshı:
Gazeta «Golden Print Nukus» juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń baspaxanasında basıldı.
230100. Nókis qalası, N.Saraev kóshesi, 1-jay

Gazetanı jazılıwshılarǵa jetkeriwde fakultetler dekanatı juwapker.

KALMENOVA PERIZAT tárepinen verstkalandı.

№624-buyırtpa menen basıldı

Bahası shártnama tiykarında.
Gazeta A-3, A-4 formatında ayına eki márte shıǵadı.
Tirajı 1000 dana.

Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarmasında qayta 2007-jıl 12-martta dizimge alındı.
Gúwalıq №01-017

INDEKS:
Puqaralar ushın 2020
Kárxanalar ushın 2021
Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 13-fevral, 2025-jıl